**दिन–रविवार** **दिनांक–24.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एनडीएक प्रमुख घटक दल अपन हिस्सा मे आयल सभ सोलह सीट लेल अपन प्रत्याशीक सूची जारी कऽ देलक अछि। जारी सूचीक अनुसार पार्टी वाल्मिकी नगर सँ सुनील कुमार, सीतामढ़ी सँ देवेशचन्द्र ठाकुर, कटिहार सँ दुलालचन्द्र गोस्वामी, मधेपुरा सँ दिनेश चन्द्र यादव, पूर्णिया सँ संतोष कुशवाहा आ सुपौल सँ दिलेश्वर कामत के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। जदयू भाजपा सँ भेटल शिवहर लोकसभा सीट पर लवली आनन्द के उम्मीदवार बनौलक अछि। पार्टी सीवान सँ निवर्त्तमान सांसद कविता सिंह के एहि बेर अवसर नहि देलक अछि। हालहि मे राष्ट्रीय लोक मोर्चा छोड़िकऽ जदयू मे सम्मिलित भेल विजयलक्ष्मी कुशवाहा के सीवान सँ उम्मीदवार बनाओल गेल छनि। नालंदा सँ कौशलेन्द्र कुमार, जहानाबाद सँ चन्देश्वर प्रसाद चन्द्रवंशी आ किशनगंज सँ मुजाहिद आलम के लोकसभा चुनावक टिकट देल गेलनि। पार्टी राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह के मुंगेर सँ, गिरधारी यादव के बांका सँ आ झंझारपुर सँ निवर्त्तमान सांसद रामप्रीत मंडल के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। ओतहि, गोपालगंज सँ आलोक कुमार सुमन आ भागलपुर सँ अजय कुमार मंडल उम्मीदवार बनाओल गेल छथि। जदयू अपन बारह सांसद के पुनः अवसर देलक अछि। पार्टी तीन नव नेता के सेहो उम्मीदवार बनौलक अछि। सोलह सीट मे सँ एगारह सीट पर पछड़ल आ अति पछड़ल वर्ग के टिकट देल गेल। ओतहि, तीन सीट पर सवर्ण उम्मीदवार के उतारल गेल अछि। जखनकि महादलित आ मुस्लिम कोटा सँ एक–एक उम्मीदवार के टिकट भेटल अछि। पटना मे जदयू प्रत्याशीक सूची जारी करैत पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि दावा कयलनि जे एनडीएक घटक दल सभ चालीस सीट पर विजय प्राप्त करत। एहि अवसर पर पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा, वरिष्ठ नेता वशिष्ठ नारायण सिंह आ ललन सिंह सहित आनो नेता उपस्थित छलाह।

---

राष्ट्रीय जनता दलक दिस सँ प्रत्याशी लोकनि के चुनाव चिन्ह देल जयबा सँ महा गठबंधन मे टकराव बढि गेल अछि। कतेको सीट पर दोस्ताना संघर्ष हेबाक संभावना अछि। महागठबंधनक दल सभक मध्य सीटक बंटवारा एखन नहि भेल अछि। एकर बादो राजद अपन उम्मीदवार के सिंबल दऽ देलक अछि। पहिल चरणक चारि सीट औरंगाबाद, नवादा, गया आ जमुई लेल उम्मीदवारक घोषणाक संगहि आठ आनो उम्मीदवार के सेहो पार्टी सिंबल दऽ देलक अछि। एम्हर, महागठबंधन मे सम्मिलित वाम दल सीपीआई आ सीपीएम सेहो दू सीट पर अपन उम्मीदवारक  घोषणा कऽ देने अछि।

———————————————————————

एनडीएक कतेको निवर्तमान सांसद के टिकट कटला सँ हुनका संसदीय क्षेत्र बदलबाक स्पस्ट संकेत भेट रहल अछि। शिवहर सँ निवर्तमान सांसद रमा देवीक टिकट कटि गेलनि। जखनकि, गया सीट सँ हम प्रमुख जीतनराम मांझी के चुनाव लड़बाक घोषणाक बाद निवर्तमान सांसद विजय मांझीक टिकट सेहो कटि गेल छनि।

———————————————————————

चुनाव आयोग लोकसभा चुनाव सँ पहिने उपेन्द्र कुशवाहाक पार्टी राष्ट्रीय लोक मोर्चा के चुनाव चिन्ह आवंटित कऽ देलक अछि। आयोग पार्टी के भानसवला गैस सिलिंडर चुनाव चिन्हक रूप मे देलक अछि। एनडीए मे सम्मिलित उपेन्द्र कुशवाहाक पार्टी के सीट बंटवारा मे मात्र एकहि सीट काराकाट भेटल अछि। एम्हर, प्रशांत किशोरक नेतृत्ववला जन सुराज पार्टी के चुनाव आयोग सेब चुनाव चिन्ह आवांटित कयलक अछि।

———————————————————————

प्रदेशक सभ जिला मे मतदान प्रतिशत बढेबाक लेल मतदाता शिक्षा आ निर्वाचन सहभागिताक नोडल अधिकारी के विशेष निर्देश देल गेल अछि। अपर मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी आनन्द शर्मा जनौलनि जे राज्य मे राष्ट्रीय मतदान औसत सँ बेसी करेबाक निर्देश देल गेल। ओ कहलनि जे दिव्यांग मतदाता लोकनि के पूर्ण सुविधा देबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————————

आइ होलिका दहनक अवसर पर सम्मत फूंकबाक तैयारी कयल जा रहल अछि। ई पर्व होली पूर्व पूर्णिमाक राति मे मनाओल जाइत अछि। पूर्णिया जिलाक बनमनखीक सिकलीगढ़ धरहरा मे राजकीय रूप सँ सम्मत फूकल जायत। ई उएह स्थान अछि जहाँ, हिरण्यकश्यपक बहिन अपन कोरा मे प्रह्लाद के लऽकऽ हुनका जरेबाक प्रयास कयने छलीह। पूर्णिया तिथि काल्हि दोपहर धरि हेबाक कारणे एहि बेर होलिका दहनक एक दिन बाद होली मनाओल जायत। होली के लऽकऽ अग्निशमन विभाग आ अस्पताल सभ के अलर्ट रहबाक निर्देश देल गेल अछि। प्रदेश मे शांति व्यवस्था बनौने राखबाक लेल सुरक्षाक कड़गर व्यवस्था कयल गेल अछि। हमर दरभंगा संवाददाता कहलनि अछि जे जिला मे चारि सय तेरासी स्थान पर दंडाधिकारीक संग पुलिस बल के उपस्थित कराओल गेल अछि। पटना जिला मे विभिन्न स्थान पर शांति व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पुलिस फ्लैग मार्च कऽ रहल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।